

BOSTON PARE POU CHANJMAN NAN KLIMA YO (CLIMATE READY BOSTON): ZOUTI KI SIPÒTE DYALÒG

ENFÒMASYON JENERAL:

Se Vil Boston an ak Komisyon Boston Green Ribbon (Riban Vèt) ki dirije pwogram Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston); epi objektif pwogram nan se prepare Vil la pou yon chanjman klimatik.

Objektif pwogram sansibilizasyon **Lidè Klimatik yo** se pou l sansibilize ak konprann enpak klimatik Boston ap konfwonte ak ankouraje moun Boston pou yo devlope ak pwomouvwa pwon priyorite yo nan inisyativ *Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo*. Pou atenn objektif sa yo, Vil Boston ak GRC (Komisyon Riban Vèt) potekole ak lidè kominote e ak biznis yo pou yo diskite sou bagay enpòtan ki nan rapò pwogram Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo, epi pou yo pran sijesyon sou estrateji y ap konsidere akoutèm.

Yo te kreye Prezantasyon dyapozitif sou *Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)* ak dyalòg suivan an pou sipòte pwogram *Lidè Klimatik la (Climate Leaders)*. Yo rezime yon istwa jeneral k ap esplike avantaj Boston genyen poutèt li sou chimen pou l Pare pou Chanjman nan Klima, epi istwa a pale de enpak enperatif chanjman klimatik genyen ki fè vizyon sa a tèlman enpòtan pou reyalize, ak etap yo ka suiv pou reyalize l. Gen pwon enpòtan nan rapò *Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)* ke yo idantifye e ke yo pral kapitalize sou yo, sepandan rapò a bay pati enterese yo posibilite pou yo adapte l, dapre sa ki enterese pati enterese yo e dapre sa yo bezwen. Pami wit seksyon ki nan rapò Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston), gen dyapozitif ak feyè enfòmasyon ki disponib pou chak seksyon, e yo ka modifiye yo pou distribisyon.

Youn nan pi bon fason moun ka travay sou danje klimatik ak kontribye pou reponn a pwoblèm nan se pou eksplòre tandans yo ansanm atravè dyalòg. Rezilta a sèke nan fen gid sa a, yo mete kesyon yo te debat nan sesyon dyalòg la konsènan aksyon yo dwe pran ak estrateji yo dwe aplike. Metsouli, gen yon fòm yo kreye ki pou akonpaye rapò a, e y ap itilize fòm sa a pou ekri ak pataje sijesyon patisipan dyalòg la te bay ekip Greenovate nan Vil Boston, konsa yo kapab mete enkyetid kominote a ak lide moun bay yo nan rapò planifikasyon CRB, kòm premye faz nan estrateji k ap devlope.

Byenke yo pa bay detay pi ba a, si gen tan, lidè k ap prezante chanjman klimatik yo lib pou yo kanpe prezantasyon an apre pòsyon enperativ klima a, pou pèmèt yo fè yon sesyon anplis sou dyalòg kote pati enterese yo ka fòm ti gwoup pou yo ka gen chans pataje enkyetid yo ak bay sijesyon asavwa kijan enpak klima a pral afekte yo avan yo antame prezantasyon ak diskisyon sou mezi pou yo pran ak estrateji pou yo itilize.

PREZANTASYON AK DYALÒG SOU INISYATIV BOSTON PARE POU CHANJMAN NAN KLIMA YO

PREMYE SEKSYON: Entwodiksyon – 5 minit

Dyapozitif 1 – Byenvini nan yon Boston ki Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)



Dyapozitif 2: Defi Chanjman Klimatik Prezante



Pwen prezantasyon yo

- Prezante tèt ou ak afilyasyon w epi bay Wòl ou
- Enpak yo la a - 3 dènye ane yo: pi gwo nèj ki janm genyen tonbe epi se te ete ki te pi cho ki janm genyen
- Fè fas a defi Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)

Detay Mesaj yo

Nan twazan ki sot pase yo, Boston te resevwa pi gwo nèj ki janm tonbe nan istwa vil la, ak ete ki pi cho yo janm anrejistre. Se pa etonan n ap reyini pou pale sou kijan klima a ap chanje, kisa sa vle di pou Boston, ak kijan nou ka potekole ansanm pou n fè fas a pwoblèm yo.


Boston pran yon angajman pou l takle pwoblèm klimatik yo tennfas. Inisyativ Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston) se yon inisyativ pou pi byen konprann ki kalite danje n ap konfwonte ak devlope estrateji ki ka pèmèt tout moun viv pi byen nan vil la. Nou dwe konnen kisa nou riske, e jounen jodiya, si nou la a, se pou n konnen kisa ki ka fèt.

Kèk sijesyon

Fè defason pou entwodiksyon w lan se yon entwodiksyon pèsònèl epi esplike kisa ki enspire w travay sou pwoblèm klimatik yo ak/oswa sou pwoblèm enèjetik (kòm paregzanp si w sibi konsekans ki te afekte w dirèkteman, opòtinite pou fè biznis ak risk ki genyen, ak/oswa poutèt ou enkyete pou katye w la, pou fanmi w & zanmi w, elatriye).

Dyapozitif 3 – Vizyon Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo + Men Sa K ap Tann Nou + Kisa Ki Ka Fèt

KI REZON KI FÈ NOU LA A?



Pwen Prezantasyon yo

- Esplike ki wòl ou genyen nan CRB
- Dekri sesyon an – esplike vizyon CRB, pou ki danje enpak klimatik nou dwe prepare nou ak senk chwa repons.
- Opòtinite pou bay chwa pou 5 repons pou ekip Greenovate la ka pataje.

Detay Mesaj yo

Pou oratè ki pa reprezante Vil Boston – Mwen pa la a pou m reprezante vil Boston ofisyèlman, sepandan mwen fè patide yon gwoup k ap grandi ki gen lidè kominote ladann (oubyen manm) k ap kòmanse jan de konvèsasyon tankou sa a, nan vil la, pou moun ka pi byen konprann danje n ap konfwonte, bay moun opòtinite pou boukante lide yo, epi rekeyi sijesyon pou Vil la itilize lè l ap mete sou pye estrateji pou ogmante vitalite Boston.

Pou anplwaye minisipal yo – Vil Boston pral òganize reyinyon kote yo pral gen diskisyon tankou sa a toupatou nan vil la, konsa manm kominote yo (entèvenan prensipal yo) ap okouran de kisa ki riske rive, e pou yo gen chans di kisa ki enkyete yo ak lide yo genyen, etan Boston ap travay ak vil vwazin yo pou mete sou pye estrateji pou ogmante vitalite Boston.


Pou n derape demach yo, mwen pral fè yon prezantasyon pou m esplike kisa sa vle di pou Boston Pare pou Chanjman nan Klima, ak pi gwo danje nou dwe konfwonte. Apresa, mwen pral rezime sou senk aksyon posib nou ka pran pou Prepare n Pou Chanjman nan Klima yo, pou moun yo ka santi yo an sekirite, pou yo santi yo pi byen, epi pou n jere depans ki pou fèt yo. Nan pwen sa a, nou pral fè diskisyon sou tab yo sou kisa evolisyon sa a vle di pou katye w la (òganizasyon, sektè, elatriye), epi pou n koute repons ou bay sou aksyon n ap pran yo.

Aksyon ak estrateji ki gen rapò ak Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climat Ready Boston) toujou sou tab negosyasyon nan Vil la, kidonk mwen pral kapte tèm ak lide ka pral prezante nan diskisyon jounen jodiya, epi m pral pataje yo ak ekip Greenovate nan Vil Boston. Eitou m pral pale de lòt fason moun ka patisipe, alafen.

Kèk sijesyon:

Pèsonalize wòl ou jan li nesèsè.

Dyapozitif 4 – Travay Ansanm



Pwen Prezantasyon yo

- Objektif CRB (Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo) [sic] se prepare Vil la pou chanjman klimatik
- Lyen pou ale nan Imajine Boston an 2030 (Imagine Boston 2030)
- Se Vil Boston ann asosyasyon ak Komisyon Riban Vèt (Green Ribbon Commission) k ap dirije l
- Rapò sou entènèt ki bay detay sou: danje klimatik, ki risk ki genyen, enpak sou katye, estrateji pou ogmante vitalite Boston

Detay Mesaj yo

Objektif *Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)*, se prepare Vil la pou enpak chanjman klimatik yo. Inisyativ sa a se Bil Boston ann asosyasyon ak Komisyon Riban Vèt (Green Ribbon Commission) - ki se yon gwoup lidè nan biznis, lidè enstitsyon ak lidè sivik kap travay depre ak Vil la pou fè Plan Aksyon Klimatik Boston (Boston's Climate Action Plan) avanse.

Aktyèlman, Rapò *Boston Pare pou Chanjman nan Klima (Climate Ready Boston)* disponib sou entènèt epi li bay detay sou danje klimatik Boston ap brave, ki sa yon danje ye e kisa sa vle di pou diferan katye nan vil la. Lèfini CRB bay detay sou kèk estrateji enpòtan yap mete sou pye pou ogmante vitalite Boston alavni. Rapò sa a te fèt grasa a enfòmasyon savan ki gen gwo konesans te bay; epi se anplwaye vil, rejyonal ak leta ki travay sou pwoblèm enfrastrikti yo ki te bay enfòmasyon sa yo; sèvis piblik; ak gwoup kominotè, òganizasyon ki pa travay pou lajan ak òganizasyon biznis te bay enfòmasyon tou.

Kèk sijesyon

Fè yon ti poze pou ka pran kesyon konsènan plan pou semine a anvan w kòmanse prezantasyon an.

SEKSYON DE(2) Yon Boston ki Pare pou Chanjman nan Klima – 5 minit

Dyapozitif 5 – Yon Boston ki Pare pou Chanjman nan Klima (Climate Ready Boston)

YON BOSTON KI Pare pou Chanjman nan Klima



Yo ankouraje devlopman entelijan ak konstriksyon bilding ki adapte ak chanjman klimatik, yo ogmante kalite lavi a, epi yo prepare Boston pou lavni.

Pwen Prezantasyon yo

- Boston se yon lidè nan domèn klimatik Nap fè efò pou n diminye emisyon gaz kabòn etan nap prepare pou chanjman
- Devlopman an ap pi entelijan, nap benefisyè sou kalite lavi a, nap byen pozisyon pou lavni
 - 100,000 jòb nan domèn enèji ki pa polye nan MA
 - Rivyè ki gen Labou - restorasyon an bay plis pwoteksyon kont inondasyon epi l bay plis aksè

Detay Mesaj yo

Nan zafè diminye emisyon kabòn, Boston deja yon lidè nan domèn nan; epi l ka itilize efò sa yo kòm baz pou l pran aksyon pou l prepare pou chanjman klimatik yo an menm tan.

Efò kap fèt isit la ak toupatou nan lemond, montre ke inisyativ lidè yopran pou konbat chanjman klimatik yo, kapab motive devlopman entelijan, li ka amelyore kalite lavi nou epi sa ka mete nou nan yon bon pozisyon alavni.

Kanta zafè diminye emisyon kabòn, kounyeya nan Massachusetts gen plis pase 100,000 jòb nan enèji ki pa polye, yo ogmantasyon 75% nan sis lane ki sot pase yo sèlman. ([Massachusetts clean energy jobs report](#) Rapò sou jòb enèjèji ki pa polye nan Massachusetts)

- Nan Boston, pwojè Rivyè Labou a (Muddy River) trase yon bèl egzanzp ki montre kijan vil nou an ka amelyore lè n prepare pou chanjman, jan nou drennen Rivyè a pou l vin natirèlman bèl menm jan ak avan; sa bay plis aksè a espas louvri (an plennèr) epi sa pwoteje kont inondasyon an menm tan.
- Lèfini, yap konstwi nouvo bilding nan de kote tankou Charlestown, East Boston, ak South Boston, epi yap itilize nouvo metòd konstriksyon pou pwoteje bilding yo kont inondasyon - gras a nouvo konstriksyon sa yo, vil nou an vin yon modèl pou lavni.

Kèk sijesyon

- Lefèt ke Boston ap domine avèk vizyon l sou kisa ki posib lè Boston ap vin Pare pou Chanjman nan Klima pi ankourajan ke si se te menas yo ki tap domine l.
- Direksyon vizyon an ap pran fèt pou l se yon vizyon ki pote espwa ki reyalis.

Si yo te mande...

- Nanpwen mezi adaptasyon ki ka ranplase efò kap fèt pou diminye emisyon kabòn. Si se vre, youn nan estrateji kritik yo ka itilize pou ogmante pèsèverans Boston, se kontinye _____

BOSTON PARE POU CHANJMAN NAN KLIMA YO

domine pou atenye pwoblèm lan.

Dyapozitif 6 – Yon Boston ki Pare pou Chanjman nan Klima (Climate Ready Boston)

YON BOSTON KI PARE pou



Te gen yon epòk se te yon kote yo te konn jete dechèk endistriyèl toksik, alèkile «The Condor Urban Wild Park (Pak Souaj Iben Condor)» pèmèt moun ale sou litoral la epi jwenn: kèti mundaasyon.

Alèkile katye yo amelyore, gen plis espas ki louvri (an plennè) epi li total la amelyore tou.

Pwen Prezantasyon yo

- Solisyon CRB (Boston Pare pou Chanjman nan Klima) ka pèmèt kominote a jwenn anpil benefis (Paregzanp Condor Street Urban Wild)

Detay Mesaj yo

Inisyativ pou Prepare Boston pou chanjman klimatik fòse moun mete tèt ansanm pou yo jwenn solisyon ki amelyore katye nou yo, epi lap benefisye tout kominote yo.

Pran Condor Street Urban Wild nan East Boston kòm ekzanp. Se te yon kote ki te abandone kote yo te konn lage dechèk toksik endistriyèl jiskaske òganizasyon ki rele NOAH (Neighborhood Organization for Affordable Housing [Òganizasyon Katye pou Lojman Abòdab]) ak lòt òganizasyon te asosye ak Vil la pou transfòme zòn la ki te yon danje pou lasante pou fè l tounen yon pak natirèl. Alèkile, li vin pi fasil pou manm kominote yo ale sou litoral la, epi anplis yo jwenn pwoteksyon kont inonsasyon gras a maresalan ak zèb preri yo.

Kèk sijesyon

Adapte oswa ajoute yon egzanzp benefis espesifik nan katye/sektè pou ede kreye sa ki posib.

Dyapozitif 7 – Yon Boston ki Pare pou Chanjman nan Klima (Climate Ready Boston)



Pwen Prezantasyon yo

- Ajoute nouvo devlopman sou itoral la bay plis pwoteksyon kont inondasyon
- Prepare sistèm transpò, dlo, enèji ak lòt sistèm kritik
- Adapte fason yo konstwi bilding yo
- Pale sou inegalite ki egziste yo
- Depi avan Boston abitye fè fas a gwo pwoblèm & kidonk li ka fè fas ankò

Detay Mesaj yo

Agrandi espas ki louvri yo (an plenè) epi travay ak lanati pou konbat inondasyon se yon ti egzanp ki montre kisa yon Boston ki Pare pou Chanjman nan Klima ka fè.

Epitou nou ka asire ke nouvo devlopman yo, an patikilye sou litoral nou an, bay plis pwoteksyon kont inondasyon epi l pa limite chwa alavni yo. Nou ka prepare sistèm transpò n, dlo n, enèji ak lòt sistèm kritik pou yo kontinye bay sèvis kòm sadwa menmsi kondisyon klimatik yo ap chanje.

Epitou nou kapab adapte fason nou konstwi bilding nou yo pou yo bay sekirite, konfò, pou n viv an sante ladan yo menm lè kondisyon klimatik ap chanje.

Epi tout sa nou tande a, nou kapab e nou dwe adrese kijan enteripsyon klimatik afekte sèten moun pi plis pase lòt, epi pou n pran mezi pou n asire tout moun benefisye nan solisyon nou prezante.

Nou rezoud gwo pwoblèm deja - tankou netwaye Pò Boston (Boston Harbor) ak ranplase otowout yo te elve ki divize anba lavil Boston pou yo mete yon bèl peyizaj vèt ak gazon, pyebwa pou tout moun rasanble, pwofite de pwogram atistik piblik ak amize yo.

SEKSYON TWA: Chanjman Klimatik Enperatif (Enpak sou Boston) – 10 minit

Dyapozitif 8 – Enpak yo Ap Rive

ENPAK AP RIVE



Pwen Prezantasyon yo

- Lè nap preparasyon pou chanjman, nou remake gen benefis ladann epi se yon bagay enperatif ki motive li
- Pal fè pi cho nan Boston, plis gwo lapli pral tonbe epi pral gen plis inondasyon avèk Nivo Lanmè a kap Monte (SLR) pou entansifye enpak yo.
- Jiskaske prezan, enpòtans enpak yo depann de jan nou diminye emisyon gaz kabòn

Detay Mesaj yo

Lè nou pran inisyativ kounyeya pou n prepare Boston pou l Pare pou Chanjman nan Klima yo, sa ka pote benefis solid nan yon ti tan, epi sa ka ba nou tou meye chwa nou ka fè pou n asire yon avni pwospè. Se pa sèlman yon bon bagay pou n fè, men se yo bagay nou dwe fè lè nap konsidere enpak nou deja sibi nan Boston ak sa nou atann nou ki pral rive alavni.

Tout savon dakò pral fè pi cho nan Boston. Nou pral gen plis gwo lapli ki pral tonbe pi fò, epi sèten zòn nan Vil la pral inonde poutèt dlo lapli. Epi tank nivo lanmè a ap monte, tank ap gen plis zòn nan vil la kap sibi inondasyon poutèt gwo tanpèt - menm nan sezon ak nan mwa lamare monte.

Jiska ki pwen bagay sa yo ap chanje alalong, sa depann si moun Boston ak moun toupatou nan lemond ka diminye emisyon gaz kabòn nou kreye lè nou boule enèji fosil pou n bay bilding, kay, biznis ak kominote nou yo enèji; kijan nou deplase, kidonk nan ka sa a, li enpòtan pou n fè plis efò.

Antretan, li enpòtan pou n konprann ki obstak ki devan nou.

Kèk sijesyon

Tout savan ki rele chalbarik yo dakò/adopte yon konsansis sou kisa enpak klimatik yo vle di pou Boston.

Si yo te mande...

- Gwoup Konsèy Kap Fè Rechèch nan Boston (The Boston Research Advisory Group [BRAG]) ki sou sipèvizyon Boston School nan Inivèsite Massachussets te devlope yon konsansis sou kijan klima Boston pral chanje.

- Pwojeksyon klimatik pou pwochen lane yo relativman konsistan, kèlkeswa senaryo yo adopte pou emisyon yo, sepadan pwojeksyon yo prezante gwo diferans alavni.
- Pwojeksyon CRB yo itilize twa senaryo emisyon apatide Komisyon Entègouvènmantral sou chajman Klimatik, ikonpri yon senaryo ki konsidere yon emisyon ki wo (biznis kòm dabitid), emisyon mwayèn kote rediksyon emisyon modere yo vin mete pye nan dezyèm mwatye syèk la, epi yon senaryo emisyon fèb kote yo diminye rediksyon yo de yon tyè de nivo lap ye disi 2050 epi yap mete l a zewo disi 2080.

Dyapozitif 9 – Plis Jou Chalè



Pwen Prezantasyon yo

- Ete yo ap vin pi cho ak plis vag chalè
- Kantite jou ki fè frèt anpil yo ka bese.

Detay Mesaj yo

Ann kòmanse ak chalè a. Ete yo ap vin pi cho nan Boston epi vag chalè yo ap vin pi komen epi yo dire pi lontan. Si w te panse ete pase a te fè cho, eben ou gen rezon. Nou pase 22 jou ak tanperati ki te depase 90 degre e se jan de tbagay nou ka atann nou kap rive nan lane kap vini yo.

Kantite jou ki fè frèt anpil yo ka bese de apeprè 120 jou anba tanperati glasyal kounyeya, poun vin gen ant 86 a 120 jou nan 2030. Koze sa a ka fè nou plezi, men lè gen ivè ki pi cho, ka gen enpak negatif tankou ka gen plis inondasyon lè jou gen jou chalè ki mete pye apre lanè fin tonbe.

Kèk sijesyon

Si yo te mande...

- Nan lane 2030, pral gen ant 25 a 40 jou kote tanperati a pral depase 90 degre epi nan lane 2070, pral gen 90 jou pa ane.
- Lè katye yo gen mwens pyebwa ki gen fèy, sa ka fè tanperati a monte pi wo pase lòt zòn nan vil la, sa rele « efè zile chalè. »
- Chalè ekstrèm ka toyè moun, li ka fè pwoblèm sante ak maladi vin pi mal, lè konsa gen plis moun ki ale nan sal dijans. Menmsi se yon sèl jou, sa ka bay pwoblèm, ale wè pou vag chalè ki gen plizyè jou youn dèyè lòt kote tanperati a cho, lap mete plis moun an danje.

Dyapozitif 10 - Ogmantasyon Presipitasyon Lapli Ekstrèm



Pwen Prezantasyon yo

- Presipitasyon lapli ogmante pi plis nan zòn Nòdès
- Disi 2060 - Gwo tanpèt pral ogmante inondasyon a 20% nan yon peryòd 24 èdtan
- Li gen enpak sou sistèm dlo lapli, sou transpò, elatriye.

Detay Mesaj yo

Gwo tanpèt lapli ak lanèj ogmante nan zò Nòdès la an patikilye. Disi 2060, sa vle di ka gen plis ke 6 pous dlo lapli kap tonbe nan 24 èdtan lè gen gwo tanpèt - ki limenm reprezante wotè twotwa vil la an mwayèn. Se 20% anplis de sa nou resevwa jodiya. Jan nou tout konnen, Inondasyon bay gwo pwoblèm nan sistèm dlo lapli Boston; li entewonp sikilasyon nan sèten zòn kòm paregazan nan Columbus ak Tremont Streets; epi l afekte sistèm transpò a.


Kèk sijesyon

Si yo te mande...

- De 1958 a 2010, vin gen yon ogmantasyon de 70% nan kantite presipitasyon lapli ki tonbe nan jou ki te gen pi gwo presipitasyon lapli yo.

Dyapozitif 11 - Nivo Lanmè a monte pi plis

NIVO LANMÈ A MONTE PI PLIS



Pwen Prezantasyon yo

- Nivo Lanmè a Monte (SLR) epi lap monte pi wo de 3 pye oswa plis
- Lè nivo Lanmè a ogmante, risk inondasyon sou lakòt ak nan rivyè epi nan kèk katye anndan tou.
- Tanpèt Nòdès yo pral koze plis domaj ak Nivo Lanmè a kap Monte

Detay Mesaj yo

Nivo lanmè a monte epi yo prevwa lap monte toujou. Gen anpil chans nap wè, nan dezyèm mwatye syèk la, inondasyon ap monte de twa pye oswa plis sou lakòt ak nan rivyè, epi l pral antre anndan pou anvayi kèk zòn anndan Vil la.


Si nivo lanmè a monte pi wo, sa vle tanpèt ki fèt sou lakòt, tankou Nòdès pral koze plis domaj - epi yo pral afekte plis zòn nan Vil la ak dlo ki pi fon.

Kèk sijesyon

Si yo te mande...

- Nou ka atann nou nivo lanmè a ka monte a 8 pous disi 2030, ki se 3 fwa to ogmantasyon an pandan 20èm syèk la,
- Nou atann nou ke disi 2070, nivo lanmè a ap monte de omwen 3 pye, epi lap monte pi plis alavni.
- Pa konsantre nou sou ane ekzak la, men kosantre n sou tan nou gen devan nou pou n pwofite de byen nap kreye kounyeya.

Dyapozitif - Inondasyon Lapli



Pwen Prezantasyon yo

- **Sistèm kanalizasyon dlo lapli a deja sibi domaj inondasyon, epi se pou yo fè amelyorasyon pou prepare pou plis presipitasyon lapli ak danje ki genyen lè Nivo Lanmè a Monte disi 2030**
- **Se tout katye ki gen kèk zòn ki afekte.**
- **Inondasyon se bagay ki nuizib e li afekte kalite vi moun, sitou moun ki sou presyon e ki pa gen anpil mwayen.**

Detay Mesaj yo

Sistèm egou Boston yo deja sibi gwo inondasyon tanpèt, sitou sou lakòt epi yap remake ogmantasyon sa a lè gen plis presipitasyon lapli kap tonbe ak nivo lanmè kap monte; kidonk estrikti ak moun pral an danje, epi lipral antrave sikilasyon nan kèk kote tankou Columbus Ave ak Tremont, epi lap entewonp sèvis tren Orange ak Red Lines.

Chak katye gen plizyè zòn ki riske inonde souvan (10% chans pou sa rive chak ane) kap afekte. Disi fen syèk la, pral gen 11.000 bilding kap inonde dirèkteman poutèt inondasyon dlo tanpèt poutèt nivo lanmè ap monte epi nivo lanmè ap pede monte.

Se West Roxbury, Allston, Brighton, East Boston ak South Dorchester ki gen pi gwo sifas

inondasyon dlo tanpèt pral afekte. Zòn South End ak South Boston pral remake pi kantite teritwa kap ekspoze nan fen syèk la.


Se pa fasil pou inondasyon domaje estrikti yo, men li ka difisil pou deplase toutotou estrikti yo, sitou pou moun ki andikape oswa ki pa gen chwa transpò.

Kèk sijesyon

Si yo te mande...

- Yo konsidere pwobabilite inondasyon an ba lè gen gen 1% chans pou sa rive chak ane. Pwobabilite inondasyon an pi elve lè gen 10% chans pou sa rive nan yon ane.

Dyapozitif 13 – Inondasyon poutèt Litoral ak Rivyè



Pwen Prezantasyon yo

- Inoasyon litoral ak rivyè prezante pi gwo danje pou Boston
- Nan yon avni pwòch (15-34 an) inondasyon pral fèt nan S. Boston, E. Boston, Charlestown ak Downtown.
- Nan mitan syèk la, enpak la pral rive N. Dorchester & nan South End.
- 2070 epi apre, pifò vil la ap inonde nan mwa lamare a wo.

Detay Mesaj yo:

Nou atann nou inondasyon litoral ak rivyè pral pwovoke pi gwo danje klimatik kap gen konsekans sou moun, bilding, enfrastrikti ak sou ekonomi a.

Nan yon avni pwòch (15 a 34 an), inondasyon litoral ak rivyè pral rive sitou nan South Boston, East Boston, Charlestown, ak Downtown; li pral menase katye sa yo ak tout rès vil la.

Sa pral rive pi lwen avèk nivo lanmè a kap monte, kote inondasyon pral ogmante epi l pral anvayi pati nò Dorchester ak South End, etan dlo a pral antre atravè Ft Point Channel.

Nan lane 2070 e menm apre, pifò vil la ka sibi inondasyon chak mwa lè lamare monte, dlo a ka anvayi katye ki sou anndan tankou South End, ak Charles River yo travèse.

Kèk sijesyon

Ou ka klike sou twa vèsyon kat jewografik la pou montre kijan inondasyon ogmante de 1% ak 10% chans pou sa rive chak ane, ak inondasyon ki ka rive chak mwa dapre nivo lanmè a kap monte de 9 pous


ant 2030-2050, 21 pous ant 2050-2100, ak 36 pous an 2070 oswa apre sa. Si yo te mande...

- Se East ak South Boston ki gen plis sifas tè kap inonde poutèt inondasyon litoral ak nivo lanmè a kap monte.

Dyapozitif 14 - Ki Danje ki Genyen?

KI DANJE KI GENYEN?

Moun ak Blding Ekspoze a 1% Risk Inondasyon



Pwen Prezantasyon yo

- Rapò CRB a bay kont detay sou danje moun, bilding ak ekonomi a ap brave, jouk nan nivo katye.
- Ou ka wè apèsi sou enpak ki montre gwo inondasyon an konbinezon ak SLR nan 2030 ak 2070.

Detay Mesaj yo

Rapò BRB a montre kijan danje klimatik yo ka afekte popilasyon Boston an, bilding yo, ak ekonomi Boston an anjeneral epi onivo katye tou.

Nan yon avni pwòch, gwo inondasyon (tout moun rele l 1% Chans Inondasyon Anyèl) ki konbine ak nivo lanmè a ki monte ap mete 18.000 moun ak 2.000 bilding an danje, epi yo estime dega yo a \$20 milya.

Disi 2070, se 85.000 moun kap an danje - sa reprezante apeprè 15% popilasyon Boston - ap gen 12.000 bilding kap ekspoze epi yo estime dega yo \$85 milya.

Kèk sijesyon

- Nan evalaysyon Vilnerabilite CRB ke w ka itilize kòm referans pou bay moun yo, yo bay detay sou metodoloji yo itilize pou esplike kijan yo rive jwenn vilnerabilite sa yo.
- Nou mèt antisipe kèk kesyon sou evalayson vilnerabilite a, dapre odyans la. Paregzanp, ou ka revize enpak enkonomik yo ak kijan yo kalkile yo avan menm ou pale ak yon odyans ki gen moun ki nan biznis.

Dyapozitif 15 - Ki Danje ki Genyen?

EKONOMI




Milèto depans yo pase nan domaj ekstrèmèl ak sa yo pèli poutèt domaj.

Pwen Prezantasyon yo

- Menm lè w gade pou wè nivo lanmè monte 9 pous, Boston ap sibi dega ke yo estime a \$17 milyon anviwon chak ane, depans poutèt pwoblèm presyon ak depasman pral ogmante de dis pou l rive a \$1.39 milya nan fen syèk la.
- Depans ki gen rapò ak domaj onivo estrikti ak pèt mou ap sibi, ap reprezante majorite nan depans kap fèt poutèt domaj yo.

Dyapozitif 16 - Ki Danje ki Genyen?




Pwen Prezantasyon yo

- Avèk Nivo Lanmè a kap Monte (SLR) 9 pous, gen plis ke 200 jòb kap afekte. Avèk Nivo Lanmè a kap Monte (SLR) 36 pous, ogmantasyon an pral huit fwa plis, swa 17.500 jòb kap afekte.

Detay Mesaj yo

- Se sitou biznis kap vann an detay ak restoran ki ka sibi pèt sa yo paske yap oblije fèmen pòt yo lè gen inondasyon.
- Moun kap travay nan endistri ki bay sèvis se moun ki touche salè ki ant salè ba ak salè mwayen, se yo ki afekte sitou lè biznis yo fèmen poutèt inondasyon ouvryen lè transpò piblik pa fonksyone kòm sadwa.

Dyapozitif 17 - Moun ki Ekspoze a Zile Chalè



Pwen Prezantasyon yo

- Nan Boston gen divès kalite moun e yon nan pati enpòtan nan rapò CRB a analize se kijan danje klimatik yo pral afekte moun ki rete Boston.
- Gen sèten kap pi afekte pase zòt.
- Paregzanp, chalè afekte timoun kou granmoun, epi l afekte moun ki gen revni ki ba oswa moun ki gen pwoblèm medikal.

Detay Mesaj yo

Li enpòtan pou esplike ke danje klimatik yo pa afekte tout moun menm jan.

Paregazanp, gwo chalè kapab afekte timoun ak granmoun aje dirèkteman, li afekte moun ki travay deyò, e ki pa gen lojman adekwa, ki pa gen èkondisyone ak/oswa espas vèt.

Dyapozitif 18 – Se Pa Tout Moun ki Afekte Menm Jan an



Pwen Prezantasyon yo

- Nonsèlman chalè esktrèm afekte adilt ki pi aje ak timoun, moun ki gen po nwa, moun ki pa pale angle byen, manm kominote ki gen revni ki ba oswa ki pa gen revni ditou ak moun ki gen pwoblèm medikal, se moun sa yo sitou kap sibi enpak tanpèt ak inondasyon.

Detay Mesaj yo

- CRB dekri vilnerabilite sosayl ak inisyativ ki adres pwoblèm ekite ak kijan pou ogmante rezistans manm kominote yo.
- Gwoup sa yo pa nesesèman endepandan. Paregazanp, yon moun ki nan yon kominote ki gen revni ba kapab gen pwoblèm medikal tou.

Kèk sijesyon

Yo defi Vilnerabilite Sosyal lè gen yon gwoup sosyal ki pi siseptib, defason dispòsyone, pou l sibi enpak danje yo (paregazanp domaj oswa travay yo kanpe) epi l afekte kapsite yon popilasyon pou l evite oswa remonte apre enpak yo sibi. Lèfini se yon fonksyon ki baze sou faktè demografik, sou anviwònman e sou kondisyon kominote yo, tankou dispozisyon sou swen sante, kapital sosyal, izolasyon sosyal, elatriye.

Dyapozitif 19 – Konsantre sou Katye yo

KONSANTRE SOU KATYE YO



Pwen Prezantasyon yo

- CRB egzamine enpak klimatik yo ak estrateji entèvansyon yo nan yon nivo detaye nan 8 domèn konsantrasyon
- Enpak chalè ak dlo gwo lapli afekte tout vil la
- Inondasyon kotyè ak flivyal yo te konsantre nan 7 nan zòn sa yo

Detay Mesaj yo

Youn nan eleman ki fè rapò inisyativ Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston) enpòtan anpil sèke li egzamine enpak klimatik yo ak estrateji pou preparasyon nan nivo katye.

Byenke nou antisipe enpak chalè yo pral afekte tout vil Boston an, inondasyon kotyè ak flivyal yo pral konsantre piplis nan sèt katye.

Katye Roxbury a se yon zòn denterè pou inisyativ Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston) pou teste estrateji pou entèvansyon pou toulèkat danje klimatik yo. Nou p ap antre nan detay sa yo kounye a men yo disponib sou entènèt la si w ta enterese gen plis enfòmasyon.

SEKSYON KAT: Kijan Nou Ka Pare pou Chanjman nan Klima – 10 minit

Dyapozitif 20 – Relve Defi a

RELVE DEFI A



Pwen Prezantasyon yo

- Boston ka relve defi a
- Gen 5 aksyon ak estrateji ak domèn konèks ke yap konsidere
- Yo bezwen sijasyon w pou planifikasyon an

Detay Mesaj yo

Boston ka relve defi a epi li ka vin pare pou chanjman nan klima yo depi nou kreyatif epi nou travay an tèt kole pou ranfòse vil nou an ak biznis inovan l yo avèk tou enstitisyon ki gen renome mondyal yo.

Kounye a, annou diskite sou senk aksyon ki prezante nan rapò inisyativ Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston) ki ka prepare Vil nou an pou chanjman. Yo enkòpore estrateji sa yo nan Imagine Boston 2030 (Annou Imajine Boston 2030) e Vil la ap chèche jwenn opinyon pou l finalize plan onivo tout vil la, epi etabli inisyativ byen espesifik.

Kèk sijesyon

Si yo mande...

Yo devlope zòn aksyon ak estrateji CRB yo selon 5 prensip rezistans klimatik.

- 1) Jenere plizyè avantaj (paregzanp aksè a lwazi, wout ki amelyore)
- 2) Enkòpore investiman lokal nan desizyon ak lè y ap pran desizyon (patisipasyon kominotè ak inovasyon)
- 3) Kreye kouch pwoteksyon lè nou travay nan plizyè nivo (paregzanp ajoute vout pyebwa ak reyabilitasyon bilding pou adrese gwo chalè)
- 4) Konsepsyon nan fleksibilite ak adaptabilite (konstwi pou adrese yon seri nan nivo inondasyon yo)
- 5) Amòti sik konstriksyon yo (itilize sik natirèl pou fè reparasyon oswa pou ranplase enfrastrikti ak bilding pou fè amenajman ki rezistan)

Dyapozitif 21 - Konsansis sou Pwojeksyon Klimatik



Pwen Prezantasyon yo

- Pou pran desizyon entelijan se pou w genyen pi bon done disponib yo
- Etabli Panèl Great Boston sou Klima a pou mete done klimatik yo ajou chak 5 an
- Mete done sa yo sou fòm rapò ak chema ki fasil pou itilize

Detay Mesaj yo

Etan gen pwogrè k ap fèt nan rechèch sou enèji ak klima a, Boston bezwen gen aksè nan done ki pi resan yo pou devlope plan ak règleman pou lavni.

Rapò Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston) lan gen ladan l yon pwopozisyon pou etabli yon Panèl Great Boston sou Kliman a pou mete ajou done klimatik yo chak 5 an e pou konvèti syans lan nan rapò ak chema ki fasil pou itilize. Konsa nou ka kontwòle chanjman k ap fèt yo epi rete enfòm konsènan kisa pou nou antisipe nan dis lane k ap vini yo.

Dyapozitif 22 - Kominote ki Prepare e ki Konekte



Pwen Prezantasyon yo

- Nou tout nou gen yon wòl pou n jwe nan CRB pou nou idantifye risk ak entèkansyon yo
- Vil la ap chèche travay avèk kolaboratè ki soti nan tout sektè
- Opòtinite pou ankouraje devlopman ekonomik
-

Detay Mesaj yo

Nou tout nou gen yon wòl kritik pou n jwen nan idantifye risk klimatik an entèkansyon inovan, e se poutèt sa nou la jodiya. Vil la ap chèche opòtinite pou l kolabore avèk òganizasyon pou angaje moun k ap viv nan Boston yo defason pou yo konprann risk ki genyen yo e pou devlope plan rezistans.

Etan enfrastrikti vil la, bilding yo ak lòt zòn ap pare pou deranjman klimatik, biznis yo ak manm kominote yo ka benefisyè. Pami estrateji yo genyen ofri fòmasyon nan travay nan domèn rezistans epi asire ke pwojè ki gen rapò ak preparasyon pou klima yo respekte direktiv anbochaj lokal yo ki konsène salè vital, ak biznis pou minorite ak fanm.

Kèk sijesyon:

- Adaptasyon egzije konesans lokal ki anrapò ak fason chanjman nan klima a ap afekte katye yo ak biznis yo, epi manm kominote yo ka ede kreye entèkansyon inovan ak sansib.
- L ap nesèsè pou gen apwòch diferan pou angaje piblik la, pwopriyetè bilding yo, etablisman kominotè yo, biznis yo ak manm kominote ki gen plis risk yo.

Dyapozitif 23: Litoral Pwoteje



Pwen Prezantasyon yo

- Lè nou adrese inondasyon sa pote lòt avantaj (paregzanp aksè a litoral la)
- Devlope plan lokal nan zòn ki arisk pou inondasyon
- Kreye yon sistèm pwoteksyon litoral
- Kowòdone investisman nan enfrastrikti

Detay Mesaj yo

Boston k ap pran mezi pou pwoteje litoral li yo kont inondasyon ki pote avantaj tou pou kominote a tankou aksè a espas lib.

Vil la dwe devlope plan lokal pou prepare pou deranjman klimatik e pou adrese priyorite kominote yo anmenmtan. Plan sa yo dwe gen ladan yo pwoteksyon kont inondasyon nan distri a, bezwen

enfrastrikti ak planifikasyon itilizasyon teren.


Li nesèsè pou gen yon sistèm pwoteksyon litoral ki gen ladan l solizyon nan yon nivo bilding, nivo distri ak nivo nan tout pò yo. Vil la ansanm avèk kolaboratè l yo dwe mennen investigasyon sou chwa nan enfrastrikti pou diminye risk inondasyon tankou ajoute pwoteksyon nan New Charles River Dam.

Vil la dwe mete sou plas yon Komite Kowòdinasyon Enfrastrikti pou devlope planifikasyon pou preparasyon onivo klima ak estanda pou konsepsyon; kowòdone aksyon nan sistèm elektrik, dlo, transpò, komunikasyon ak lòt sistèm; epi aliyen avèk lòt efò planifikasyon.

Kèk sijesyon

- Pwoteksyon litoral Boston an enplike solisyon enfrastrikti "gri" tankou amelyorasyon New Charles River Dam avèk tou entèkansyon "ekolojik" ki mache avèk lanati tankou egzanp restorasyon Condor Urban Wild la ke yo te bay nan kòmansman prezantasyon an.

Dyapozitif 24: Enfrastrikti ki Rezistan



ENFRASTRIKTI KI REZISTAN

Pwen Prezantasyon yo

- Boston ka amelyore sistèm elektrik, dlo, transpò ak lòt sistèm li yo pou ogmante efikasite
- Devlope estanda konsepsyon ki pare pou chanjman nan klima yo ak devlope plan kowòdone
- Itilize solisyon enfrastrikti ekolojik ki mache avèk lanati
- Investige opsyon mikwo-rezo ki baze sou enèji pwòp

Detay Mesaj yo


Boston ka amelyore sistèm elektrik, dlo, transpò, komunikasyon ak lòt sistèm li yo pou yo ka fonksyone defason efikas avèk ogmantasyon danje klimatik yo. Men kèk mezi nou ka pran:

- Devlope plan enfrastrikti ak estanda konsepsyon pou adrese enpak klimatik yo ak kowòdone entèkansyon atravè sèvis yo.
- Itilize solisyon enfrastrikti ekolojik ki mache avèk lanati pou jere dlo gwo lapli, chalè ak lòt enpak tankou Pwojè Rivyè Labou (Muddy River Project) nou te mansyone anvan an.
- Kreye mikwo-rezo ki baze sou enèji nan tout vil la pou katye yo gen kouran lè gen pàn kouran.

Kèk sijesyon

- Enfrakstrikti ekolojik ka ede jere chalè ak enpak inondasyon yo etan l ap amelyore sekirite, epi l ap rann espas piblik yo pi bèl e pi aksesib.
- Desantralizasyon sous enèji atravè mikwo-rezo ki baze sou enèji pwòp ogmante efikasite epitou li diminye kabòn ak kreye opòtinite ekonomik anmenmtan.

Dyapozitif 25: Adapte Bilding yo



Pwen Prezantasyon yo

- Yo ka bati kay ak biznis yo oswa renove yo pou reziste a danje k ap ogmante yo
- Fè mizajou nan règleman zonaj ak konstriksyon yo
- Prepare bilding ki pi arisk yo e/oswa k ap desèvi piblik la oswa manm kominote ki vilnerab yo

Detay Mesaj yo

Nou kapab konstwi kay ak biznis nou yo pou yo reziste a danje inondasyon k ap ogmante yo e pou adapte a tanperati ki pi cho yo, ki ka ede diminye kabòn tou. Men kèk estrateji Boston ap konsidere:

- Fè mizajou nan règleman zonaj ak konstriksyon yo pou prepare nouvo devlopman pou kondisyon fiti, konsidere opsyon amenajman pou bilding ki egziste yo epi ankouraje chanjman nan Kòd Konstriksyon Massachusetts la.
- Ede prepare bilding ki pi ekspozè a risk inondasyon oswa ki desèvi piblik la, epi ankouraje aksè pou moun jwenn asirans inondasyon ki pa koute chè.

Kèk sijesyon

- Fè mizajou nan règleman zonaj ak konstriksyon yo pou nouvo devlopman yo ede asire ke pwojè yo ajoute a pwoteksyon inondasyon e yo pa limite opsyon yo pou lavni.
- Pifò bilding yo nan Boston ki bezwen preparasyon pou deranjman klimatik deja egziste. Amenajman ka difisil e donk vil la dwe kreye pwogram pou ede mèt pwopriyete yo.

SEKSYON SENK: Diskisyon ak Apèl pou pase Alaksyon - 30 minit

Dyapozitif 26: Pwen Priyoritè pou Avanse Inisyativ Boston Pare pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)

PWEN PRIYORITÈ POU AVANSE INISYATIV BOSTON PARE POU CHANJMAN NAN KLIMA YO

DISKISYON



- ✓ Zouti Avanse pou Pran Desizyon
- ✓ Kominote ki Prepare e ki Konekte
- ✓ Litoral ki Pwoteje
- ✓ Enfrastritik ki Rezistan
- ✓ Blding Reyabilite

Pwen Prezantasyon yo

- Kesyon ak Repons
- Diskisyon konsènan 5 domèn aksyon
- Enfòmasyon yo pataje ak ekip Greenovate Boston (Boston Vèdwayan)

Detay Mesaj (Pwosedi Dyalòg)

Jan w fèk tande l, gen plizyè inisyativ nou ka pran pou Boston ka Pare pou Chanjman nan Klima, epi ekip Vèdwaye Vil la vle w bay sijesyon w. Anvan nou antame diskisyon sou tab nou yo, èske gen moun ki gen kesyon pou l poze m?

Oke, nou pral pase rès tan an ap pale de aksyon nou ka pran pou Boston Prepare pou Chanjman Klimatik (Climate Ready Boston).

Toudabò, mache bò tab yo epi bay chak moun yon chans pou prezante tèt yo epi reponn kesyon suivan yo:

- 1) Ki opòtinite ki genyen pou adopte solisyon pou prepare pou chanjman klimatik nan katye w (òganizasyon, sektè, elatriye)?
- 2) Ki kalite kolaborasyon ki nesese ant Vil la ak lòt patnè pou fè solisyon sa yo avanse?

Anvan w kòmasne, nou bezwen 2 volontè sou chak tab. Youn pral nòt epi lòt la pou l rapòte sou sa nou te diskite ak gwoup la. Nou pral pran 15 minit pou fè sa, donk tanpri eseye brèf konsa tout moun ap gen chans pou pale. Èske sa a klè? Gen kesyon?

Kounyeya, ann mande chak tab pou rapòte rapidman sou solisyon nou diskite yo ak lide [sic] pou fè solisyon yo vanse. (10 min)

Kèk sijesyon

- Ou ka oblije repete enstriksyon yo pou asire w volontè ki sou tab yo ak manm yo byen konprann pwosedi a.
- Mache bò kote tab yo pou ka tande sou kisa gwoup yo ap diskite.
- Fè moun yo konnen se pou yo brèf lè yap prezante rapò a.

Dyapozitif 27: Kisa W Ka Fè? Potekole ak Plan an

KISA W KA FÈ?

- Antre nan yon Ekip Katye www.greenovateboston.org
- Kontribye nan vizyon an pou avni Boston www.imagineboston.org

POTEKOLE AK PLAN AN



Pwen Prezantasyon yo

- Ede Vil la monte Plan Aksyon Klimatik atravè pwogram Greenovate Neighborhoods (Katye Vèdwayan)
- Diminye kabòn atravè Boston Renove (Renew Boston)

Detay Mesaj yo

Map di tout moun mès pou patisipasyon yo nan diskisyon an jodiya. Vil la pa ka aji poukont li pou l Pare pou Chanjman nan Klima yo. Se nou tout ki pou mete tèt ansanm pou n kreye chimen pou vanse pi devan.

Ou ka ede Vil Boston monte plan aksyon pou chanjman klimatik si w enskri w nan pwogram Greenovate Neighborhoods (Katye Inovasyon Ekolojik) kote wap konekte ak pi gwo opòtinite ki genyen pou prepare pou chanjman klimatik ak amelyore kominote nou yo.

Finalman, lè nou diminye emisyon kabòn nan, sa pèmèt nou fè klima a chanje, alèkile nou ekonomize enèji atravè pwogram Renesans Boston an (Renew Boston).